

**ENSTRIKSYON POU PREPARASYON**  
**Sigmoyidoskopi ki Fleksib ak**  
**Ekografi Andoskopik Rektal: FLEET ENEMAS®**

Lè Arive an: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Doktè: \_\_\_\_\_

Fè bagay sa yo 7 JOU ANVAN pwozedi an:

Achte de (2) boutèy FLEET Enemas (bwat vèt ak blan an). FLEET enema se yon mak lavman, ki disponib nan pifò famasi san yon preskripsyon.

Kontinye pran medikaman regilye ou yo.

Si ou ap pran Coumadin oswa anti-kowagilan - rele doktè ki preskri ou an pou enstriksyon espesyal sou desizyon pou kanpe medikaman an pou pwozedi ou an.


Si ou bezwen anile oswa repwograme randevou ou an, rele (617) 44-2600 opsyon #1.

Fè bagay sa yo 7 JOU ANVAN pwozedi an:

Tanpri itilize de FLEET ENEMAS dezèdtan anvan ou ale lopital lan. Tanpri suiv enstriksyon yo sou pake an antre l ak swen pou asire ou pase yon tès ki reyisi.

Yon fwa yo bay fleet enemas yo, **PA MANJE OSWA BWÈ JOUK TÈS LAN FINI.**

- Pran medikaman nòmal ou an ak yon gòje dlo. Tanpri pote yon lis medikaman aktyèl ou yo.
- Moun ki dyabetik yo- si ou pran ensilin nan maten, *pran mwatye nan yon dòz ensilin nan maten pwozedi an.* Si ou pran yon konprime pou dyabèt ou an, ou gendwa sote l nan maten pwozedi an amwenske yo di ou yon lòt bagay. *Tanpri verifye nivo glikoz ou nan maten e si li fèb oswa si ou santi ou ap tranble, bwè ji pòm, bwason pou espò oswa soda.*



Pifò moun sibi tès sa a san kalman.

***Si ou panse ou ap bezwen kalman tanpri remake egzijans ki suiv yo la:***

■ **Ou dwe gen yon akonpanyatè pou lakay ou.** Ou pa ka kondi oswa vwayaje sèl apre pwozedi an akòz efè kalman yo. Akonpanyatè ou an dwe yon adilt ki responsab. Tanpri enfòm akonpanyatè ou an tout vizit lan ap dire anviwon 1-2 èdtan.

■ **Ou dwe gen yon lestoma vid pou pwozedi an.** Non aliman solid nan espas 8 èdtan parapò ak pwozedi ou an. Ou gendwa pran *likid ki klè (transparan) sèlman* jiska 2 èdtan parapò ak pwozedi ou an.

■ Egzanp likid ki klè:

- Ji pòm oswa ji rezen blan (Po an PA LADAN L)
- Bouyon ki klè e ki pa gen anyen ki solid
- Te ak kafe SAN lèt oswa krèm
- Soda, bwason pou espò, Kool-Aid, Jell-O, Baton krèm, (nenpòt koulè **eksepte wouj**)



**830 Harrison Ave, Boston MA 02118**  
**2<sup>zyèm</sup> Etaj Batiman Moakley an**  
**617-414-2600 opsyon#1**